**दिन–गुरूवार** **दिनांक–29.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक अध्यक्षता मे केन्द्रीय मंत्रिमंडल जैव प्रौद्योगिकी विभागक बॉयो ई–थ्री नीति के मंजूरी दऽ देलक अछि। एकर अंतर्गत अर्थव्यवस्था, रोजगार आ पर्यावरण संरक्षण लेल जैव प्रौद्योगिकीक नीक प्रबंधन कयल जा सकत। केन्द्रीय विज्ञान आ प्रौद्योगिकी राज्यमंत्री जितेन्द्र सिंह जनौलनि जे एहि नीतिक उद्देश्य स्वच्छ, हरित, समृद्ध आ आत्मनिर्भर भारत लेल उच्च प्रदर्शनवला जैव विनिर्माण के बढ़ावा देबाक अछि। एहि सँ वैश्विक परिदृश्य मे भारतक अग्रणी भूमिका सेहो सुनिश्चित होयत।

---

केन्द्र सरकार संघ लोक सेवा आयोग यूपीएससी के स्वैच्छिक आधार पर उम्मीदवार लोकनि के चिन्हित करबाक लेल आधार आधारित सत्यापनक अनुमति दऽ देलक अछि। पंजीकरण करैत आ परीक्षा तथा भर्तीक विभिन्न चरण मे ई सत्यापन कयल जा सकत। ई निर्णय पूजा खेडकरक अंतरिम उम्मीदवारी के रद्द करबाक आ फर्जी पहचान पत्रक आधार पर सिविल सेवा परीक्षा मे निर्धारित संख्या सँ बेसी प्रयास करबाक लेल हुनका भविष्य मे सभ परीक्षा सँ वंचित करबाक बाद आयल अछि।

---

महान हॉकी खेलाड़ी मेजर ध्यानचन्दक जयंती आइ राष्ट्रीय खेल दिवसक रूप मे मनाओल जा रहल अछि। राष्ट्र हॉकीक जादूगर ध्यानचन्द के भावसिक्त श्रद्धांजलि अर्पित कऽ रहल अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन श्रद्धासुमन अर्पित करैत कहलनि जे खेलक समर्थन देबाक आ बेसी सँ बेसी युवा के खेल तथ प्रतिभा प्रदर्शन मे सहयोग देबाक लेल सरकार प्रतिबद्ध अछि।

——————————————————————————

एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राष्ट्रीय खेल दिवसक अवसर पर नालंदा जिलाक राजगीर मे राज्य खेल अकादमी आ बिहार खेल विश्वविद्यालयक उद्‌घाटन कयलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे खेलाड़ी लोकनि लेल एहि ठाम स्टेडियम सेहो बनाओल गेल अछि आ उच्च कोटिक प्रशिक्षणक व्यवस्था कयल गेल अछि। एहि अवसर पर नओ अंतर्राष्ट्रीय खेलाड़ी के ओ सम्मानित सेहो कयलनि। उद्‌घाटन समारोह मे एशियाई खेल विजेता महिला भारतीय हॉकी टीम एक प्रदर्शनी मैच सेहो खेललक। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ खेलमंत्री सुरेन्द्र मेहता समेत आनो गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

——————————————————————————

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी. नड्‌डा अगामी सात सितम्बर के दरभंगा मे सुपर स्पेशलिटी अस्पतालक लोकार्पण करताह आ एम्स निर्माण स्थलक निरीक्षण सेहो करताह। एहि सँ पूर्व छओ सितम्बर के ओ पटना स्थित आईजीआईएमएसक नेत्र अस्पतालक उद्‌घाटन सेहो करताह। विदित अछि जे श्री नड्‌डा छओ सितम्बर के दू दिवसीय बिहार दौरा पर आबि रहल छनि। एहि क्रम मे ओ मुजफ्फरपुर आ पटना मे आनो अस्पतालक लोकार्पण करताह।

——————————————————————————

नेपाल आ पड़ोसी राज्य मे भऽ रहल बरखाक कारणे गंगा, सोन, पुनपुन आ बूढ़ी गंडक नदीक जलस्तर मे कतेको ठाम वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर बक्सर मे बढ़ल अछि। जखनकि आन ठाम स्थिर बनल अछि। सोन नदीक जलस्तर रोहतासक इन्द्रपुरी मे बढ़ि रहल अछि। ई नदी पटनाक श्रीपालपुर मे खतराक निशान सँ करीब बीस सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। बूढ़ी गंडक नदी खगड़िया मे आ बागमती नदी मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे खतराक निशान सँ ऊपर बनल अछि। कोसी नदीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा आ कटिहारक कुर्सेला मे लाल निशान सँ ऊपर दर्ज कयल गेल अछि।

——————————————————————————

राज्यक विभिन्न भाग मे मॉनसूनक गतिविधि कमजोर पड़ि गेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक दक्षिणी भाग मे किछु ठाम आंशिक बरखा हेबाक संभावना अछि। जखनकि दू घंटा मे समस्तीपुर जिलाक किछु भाग मे बरखा हेबाक संगहि ठनका खसबाक संभावना बनल अछि।

———————————————————

पश्चिमी नेपाल मे लगातार बरखाक कारण बुधाबगार क्षेत्र मे भूस्खलनक घटना भेल अछि। एहि कारणे सड़क आवागमन बाधित भेल। एहि वर्ष दस जून सँ नेपालक विभिन्न भाग मे मॉनसूनी बरखाक कारण बाढ़ि आ भूस्खलनक आपदा मे दू सय दस व्यक्तिक मृत्यु भऽ चुकल अछि।

———————————————————

समस्तीपुर नगर निगम क्षेत्रक वार्ड पन्द्रहक पार्षद आ जदयू नेता राम नारायण महतोक निधन भऽ गेलनि। ओ एकसठि वर्षक छलाह। केन्द्रीय कृषि राज्यमंत्री रामनाथ ठाकुर सहित प्रदेशक मंत्री विजय कुमार चौधरी समेत आनो गणमान्य लोक हुनक निधन पर शोक व्यक्त कयलनि अछि।

———————————————————

सुपौल जिलाक निर्मली थाना क्षेत्र अंतर्गत बेलसिंगार मोती गाम मे मवेशी चरेबाक काल करंटक चपेट मे अयला सँ दू युवकक मृत्यु भऽ गेलनि आ एक किशोर झरकि गेलाह।

———————————————————

दरभंगा स्थित कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालय मे कुलपति प्रोफेसर लक्ष्मी निवास पांडे अंतर्राष्ट्रीय शोध पत्रिका गरीयसीक विमोचन कयलनि।

———————————————————

समाप्त